


Kisa l gen ladann:

	Inite Terapi ak tib
	Pansman
	Malèt transpò ak bretèl detachab
	Twa Batri AA
	Tep

A kisa pansman an sanble:

	Pansman an ta dwe parèt plise epi mous la ta dwe konprese.
	Si mous la pa konprese oswa si gen yon alèt sou inite terapi a, gade paj 2 'Endikatè ak Alèt' (Indicators and Alert) pou w konn sa pou w fè.



Gade videyo a (Anglè)

Kijan pou w itilize Inite Terapi a

	Kenbe inite a limen. Ou pa bezwen chanje pansman an. Inite a ap etenn poukont li nan 7 jou. Nan moman sa a, retire pansman an epi jete pansman an ak inite terapi a nan fatra.
	Kenbe inite a an sekirite epi sèk. Pa kite l tonbe ni kite tib la pliye, tòde oswa sere. Kenbe inite a sèk. Gade anba a pou enfòmasyon sou beny lejè.
	Ou ka wè oswa pa wè tib la k ap kolekte likid. Gen kèk sikatris ki bay plis likid pase lòt. Genyen ki pa degaje likid ditou. Si tib la vin plen nèt, etenn inite a epi rele Depatman Travay ak Akouchman nan # 617-414-2000
	Batri Li vini ak twa batri gwo AA. Si batri yo fini, gade 'Endikatè ak Alèt Inite Terapi' (Therapy Unit Indicators and Alerts) nan paj 2 a pou w ranplase batri yo.
	Dòmi ak Inite Terapi a Mete pansman an ak ponp la yon kote tib la p ap pliye, tòde oswa sere. Kenbe inite terapi a tou pre kò ou pou li pa sot sou yon tab oswa yon kabann pou l tonbe atè a.
	Benyen ak Inite Terapi a Beny lejè yo akseptab. Pa antre nan dlo pou w tranpe pou w benyen. • Kenbe inite terapi a lwen gout dlo dirèk. [ou ka etenn inite a epi dekonekte tib la si ou vle]. • Yon ti dlo oswa savon douch p ap afekte pansman an — li akseptab pou w rense li lejèman. • Lè w ap siye kò w ak sèvyèt, fè atansyon pou pa deranje oswa domaje pansman an.
	AVÈTISMAN Si inite terapi a tonbe nan benwa a, nan douch la, oswa nan lavabo a, dekonekte inite a imedyatman (si li ploge nan yon sous elektrisite) epi dekonekte inite a ak pansman an. Apre sa a, kontakte Depatman Travay ak Akouchman nan # 617-414-2000.

Haitian Creole

Endikatè ak Alèt Inite Terapi a (Therapy Unit Indicators and Alerts)



Endikatè Avètisman



Alèt Sonò (silansye)



Nivo Batri

Tip alèt	Kijan pou w repara
Alèt flit Yon bip, yon limyè jòn solid. 	Pou asire aplikasyon kòrèk Inite Terapi a - Peze bouton ON/OFF la de fwa: Yon limyè = Pi bon De limyè = Bon Twa limyè = Entèmedyè Si l "Entèmedyè". 1. Asire w tib la byen anfonse nan inite a. 2. Tcheke konektè tib yo pou asire w yo byen branche epi yo fèmen byen 3. Itilize yon dwèt pou korije nenpòt pli nan tep la. 4. Itilize tep ki nan anbalaj pansman an pou ede repara ouvèti a 5. Apiye dousman epi avèk fòs alantou bò pansman an.
Alèt Total Tib De bip, yon limyè jòn solid. 	Verifye nivo likid la nan tib la. 1. Si tib la pa plen, verifye si l pa pliye oswa pense 2. Si tib la plen, etenn inite a 3. Kontakte Depatman Travay ak Akouchman nan # 617-414-2000.
Alèt Batri fèb Yon bip, yon limyè jòn solid. Kritik: De bip, ki refèt byen vit, volim k ap ogmante, de limyè jòn solid 	Inite terapi sa a vini ak twa batri AA. Pou w ranplase batri yo: 1. Peze l pandan senk segonn pou l etenn 2. Peze epi pouse pati ki nan dèyè inite a pou w ouvri l 3. Mete twa batri AA (yo konseye batri lityòm yo) 4. Peze epi pouse pati a pou w fèmen l 5. Peze l pandan de segonn pou w ouvri l
Alèt erè sistèm De bip, ki refèt byen vit, ogmantasyon nan volim, de limyè jòn solid 	1. Peze l pandan senk segonn pou w etenn li 2. Peze l pandan de segonn pou w ouvri l ankò 3. Si terapi an toujou pa fonksyone kontakte Depatman Travay ak Akouchman an nan # 617-414-2000
Sik lavi Aparèy la Ekspire Twa limyè montre sik lavi l fini. Inite a ap bipe pandan 15 segonn apre sa a, l ap fèmen. 	Kontakte Depatman Travay ak Akouchman nan # 617-414-2000. Sik lavi l = 192 sèdtan (uit jou)